**Нохчийн мотт**
**4 класс**
**Терахь: 23.01.2026.**
**Хьехархо: Бероева О.Р.**
**Тема: Билгалдош.**
**1алашо:** билгалдешан маь1нех, г1уллакхах, чулацамах кхетам балар; предложении йукъара билгалдешнаш каро, царна хаттарш х1итто 1амор.
**Г1ирс:** таблица: «Къамелан дакъош».

**Урок д1айахьар**

**1. Ц1ера болх таллар**
Шардар № 140, (2,3) аг1о 74.

**2.1алашо йовзийтар.**
-Бераш. Вайтахана 1амо долор ду керла къамелан дакъа «Билгалдош».

**3.1амийнарг карладакххар.**
**Диктант.**
**1аж, хьормат, йо1, эса, комар, паста, йург1а.**
*-Уьш муьлхачу къамелан декъана йукъадог1у?*
*-Кхечу дашца аьлча уьш х1умнаш йу. Массо х1уманан шен-шен билгалонаш хуьлу.*
*-Суьрта т1ехь 1ежаш ду тайп - тайпана. Хьайна беза 1аж схьабалийта ахьа муха буьйцур бу и 1аж? (можа, боккха, горга, мерза)*
*-Уьш оцу 1ожан билгалонаш йу. Стенна оьшу билгалонаш?*
*-Цхьа х1ума вукхунах къастош.*
*-Хьуна нанас пису далийна. Хьайна хазахетарг, ахь муха дуьйцур ду.*
*Суна пису эцна. Цуьнан кетар йу. Цергаш йу. Лергаш ду, коьрта т1ехь. М1араш йу когаш т1ехь.*
*-Нийса хуьлий и дийцар? Муьлха дешнаш т1еоьшу цунна?*
*-Билгалдешнаш йукъа тухуш дийца.*
*Суна хаза, можа, эсала пису эцна. Цуьнан можа, к1еда кетар йу. Цергаш йу ч1ог1а ира. Кегий сема, ира лергаш ду, жимачу коьрта т1ехь. Ира м1араш йу когаш т1ехь.*
*-Муьлха текст йу г1оле? Схьадийца шаьш т1етоьхна дешнаш.*
*-Уьш билгалдешнаш ду, цара х1уманийн билгалонаш гойту.*
*-Хаттарш ло цу дешнашна. Муьлхачу хаттаршна жоп ло билгалдешнаша?*

**4. Бакъо йешар.**

**5.Йозанан болх бар.**

*Шардар № 146*

*-Муьлхачу хаттаршна жоп ло билгалдешнаша?*

**6.Сада1аран минoташ.**

**7.Текстехь билгалдешнаш каро 1амор**

*Шардар № 147, аг1о 78(барта).*

***-Муха карор дара предложенехь билгалдош?***

**Кеп:***1. Караде ц1ердош (билгалдашо гойту ц1ердешан билгалонаш, цуьнан уьйр хуьлу ц1ердашца)*

*2.Хаттар ло ц1ердашна т1ера д1а: дийнахь Мухачу? шийлачу.*

*-Шийлачу билгалдош ду, цо мухачу? Бохучу хаттарна жоп ло, х1уманан билгало гойту.*

**8.Билгалдешнийн антонимаш йалор.**

Шардар № 149.

Сиха-парг1ат, керла-тиша

*-Стенах олу антонимаш?*

**9.Жам1 дар.**

*-Стенах олу билгалдош? Цо муьлхачу хаттаршна жоп ло?*

**Ц1ахь: шардар № 148, аг1о 78 бакъо.**